# QARAQALPAQ HÁM QAZAQ FOLKLORÍNDA HAYWANATLARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HAQQÍNDA XALÍQ ÁPSANALARÍ

**Jumanazarova Gúlbadam Dosnazarovna**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*

*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı, Nókis*

Qazaq folklorında biz sóz etip atırǵan ápsana janrı janrı basqa janrlarǵa qaraǵanda izertleniwi biraz keshigip júrgen janr. Sebebi, bul janrdıń áyyemgi dáwirden házirgi kúnge shekem shashırandı halda jetiwi, dúnya dinleri tásirine ushırawı, kóp sanlı jámiyet hám dáwirlerdiń burılıslarınan ótiwi, hátteki basqa janrlarǵa sińip ketiwi, qısqası, tariyxıy-stadiyalıq tárepten eń góne janr bolıwı hám ruwxıy múlkimizdiń arxaikalıq mifologiyanı úyreniwdiń teoriyalıq hám ámeliy usıllarınıń ilimde kesh qáliplesiwinde bolıp esaplanadı.

Usı kózqarastan qaraǵanda qazaq ásanalarınıń materialların jıynaw, ilimiy kózqarastan izertlew hám de olardıń túrlerin anıqlaw, klassifikaciyalaw házirgi kúndegi aktual problemalardıń biri bolıp esaplanadı. Sonıń ushın biz ápsana menen xalıq prozası janrlarınıń bir-birinen ayırmashılıǵı, janrlıq ózgesheligi, atqaratuǵın funkciyaların anıqlawdı aldımızǵa maqset etip alǵanbız.

Qazaq folklorında «Túye nege jıldan bos qalǵan?», «Bódeneniń quyrıǵı nege kelte?», «Sıyırdıń búyregi nege budır-budır?» hám t.b. sorawlarǵa juwap beretuǵın etiologiyalıq ápsanalar ushırasadı. Bul ápsanalrdıń syujetlerde miflik waqıttıń eń aldıńǵı dáwirdegi waqıyaları súwretlenedi de, adam (haywanat) menen tabiyattıń yamasa haywanat penen haywanattıń aralıǵında ayırmashılıq joq, olar óz-ara teńdey, aralasıp júrgen deytuǵın dáwirdegi birinshi waqıya, birinshi sebep, dáslepki jaratılıs súwretlenedi, bunda tiykarǵı birinshi sıpat ayrıqsha mánige iye bolıp esaplanadı. Usı eski bilim basqıshınan maǵlıwmat beriwshi kóplegen qazaq ápsanaları bar. Mısalı, túyeniń shaqın kiyik, quyrıǵın attıń, qorazdıń qanatın totı qus sorap alıp ketiwi, jaybasar sıyırdıń Alla tala búyrek úlestirgende kesh qalıp, basqa xaywanlardan sol aǵzanı qarızǵa alıwı hám t.b nárseler haywanlardıń aqır-aqıbet pútkil dúnya tártipke salınǵan waqıtqa belgi qıldı hám qaharmanlardıń biymáni háreketleri turpayı emes, bálki tábiyiy kórinedi. Bul syujetler «nege olay?» degen sorawǵa túsinikli juwap tapqanı menen, negizinde, balanıń ápiwayı sorawına arnalǵan juwap emes, kerisinshe hár qanday nárseniń kelip shıǵıwın, adamlardıń ruwxıy mútájin málim dárejede qanaatlandırıwǵa olardı qudaylar menen baylanıstırıw ilimde anıqlanǵan [Meletinskiy E.M., 1976. – 173 b]. Mısal ushın, «Túye nege jıldan bos qalǵan?» degen túrkiy xalıqlarında ortaq gezlesetuǵın on eki jıllıq kalendardıń semantikası dástúriy modeldi analizlew jolı menen anıqlanadı. Quslardıń ómir-tirishiligi tuwralı ápsanalar qazaq, qaraqalpaq xalıqlarında ushırasqanı menen geybir jekkelengen ayrıqshalıqlarda anıqlandı. Mısal ushın, qaraqalpaq folklorında «Jılǵa talasıw» xalıq gúrrińi bar. Al,

qazaq folklorında bul ápsana sıpatında berilgen. Bul kópshilik xalıqlarda bar, bul on eki aydıń atınıń haywanlar, jánlikler atına qalay qoyılǵanı haqqında sóz etedi. Mısaldıń aytajaq oyı qanshama úlken bolǵanı menen maqtanshaq, ózimshillik ózine tiyisli nárseden de bos qaladı, al adam ábjil, iykemshil, hárketsheń bolsa barlıq nárseni jeńip, úlken adamlar ala almaǵan nárseni ala aladı degen danalıq oydı bermekshi. Mısalda Alla tala adamlar óz ómirin aylarǵa, jılǵa bólip jasasın, ómirdiń mazmunın bilsin degen maqsette adamlarǵa jıldı jiberedi. Bul xabardı jer betindegi barlıq haywanlar, jánlikler, quslar esitip jıldı kóriwge jolǵa shıǵadı. Barlıq haywanlar asıǵıp baratırsa, túye «sizlerdiң bárińizden úlkeni men, birinshi bolıp jıldı men kórmey kim kóredi» dep maqtanadı, asıqpaydı. Jıl jarqırıp kiyatırǵan qusaydı. Tıshqan ayaqtıń astınan juwırıp túyeniń basına, onnan soń qulaǵına minip birinshi bolıp jıldı sol kórgen. Jıldıń bası tıshqın bolǵan. Onnan soń sıyır, jolbarıs, qoyan, ulıw (balıq), jılan, jılqı, qoy, maymıl, tawıq, iyt, shoshqa jıldı kórip jılǵa ilinedi, al túye ózimshilligi basına bále bolıp ol jıldan bos qaladı. Sonnan qaraqalpaqlarda «Boyına isenip túye jıldan bos qalǵan» degen frazeologiyalıq sóz qalǵan [Ayımbetov Q., 2007. – 8 b]. Bul mısal adamdı tárbiyalawda áhmiyeti kúshli. Bunda adamnıń ózimshilligi, arqayınshılıǵı ózine qanshama ziyan keltiretuǵın illet ekenligi aytıladı.

Qazaqta folklortanıwında Sulayman patshanıń zayıbı quslardıń murnın testirse, qazaqta bayǵız qutqarıp qaladı. Qazaqtaǵı Sulayman patshanıń obrazı islam ruwxaniyatınıń tásiri ekenligi Qazaq penen qaraqalpaqlarǵa ortaq gezlesetuǵın usınday syujetlerde bayǵız, jarǵanat, japalaq, úki sıyaqlı quslardıń basqaǵa uqsamaytuǵın dene-múshesi, minez-qulqı, turatuǵın ornı, ómir súriw ózgesheliklerine túsinik berilip, olardı aqıllı sanap, belgili mólsherde global muwapıqlastırıwshı xızmet atqaradı. Bulardıń boyında «jartılay qus, jartılay adam» qásiyetler bar. Mine, usı fakt bul syujetlerdiń arxaikalıq mifologiya menen tórkini bir ekenligin kórsetedi. Jáne bir itibar beretuǵın nárse «Bódeneniń quyrıǵı nege qısqa?» yamasa «Bódene hám túlki» degen tekstler eki xalıqta da ortaq gezleskeni menen, bular hálleqashan miflik tamırdan uzaqlasıp, haywanatlar tuwralı ertegine aynalǵan syujet dewge boladı. Biraq, qazaqta gezlesetuǵın bir syujette bódene quslardıń jolına tosqınlıq qılǵan tawdı tesip, olar erkin ushatuǵın soqpaq salıp, xalıqlıq qaharmanǵa únles xızmet atqaradı. Usı syujet qaraqalpaq folklorında gezlespeydi. Qazaq folklorında taralǵan túlkini aldap, onıń awzınan qutılǵanı menen, artınan tisletip, quyrıǵı kelte bolatuǵın bódene haywanatlar tuwralı erteginiń sıńarı bolsa, bundaǵı bódene qanatlılar ushın jol salıp, tawdı tesken, bir sóz benen aytqanda, tábiyattı tártipke salıwshı jasalma qaharman bolıp esaplanadı. Eki xalıqta da parallel gezlesetuǵın «Qarshıǵa» tuwralı syujette jırtqısh qustı adamǵa qarama-qarsı qoyadı. Qazaq folklorında jaǵaltay adamnıń soqqan digirmannıń tasına qarsı qoyıladı da, nátiyjede taǵı jırtqıshtıń sanalı adamnan jeńilgenligi kórinis tabadı. Ádette bul syujetler «Nege

olay bolǵan?» degen sorawǵa juwap berip, ótmishte jaratılǵan haywan hám quslardıń áwladı mánisin túsindiredi.

Qazaq folklorındaǵı etiologiyalıq ápsanalardıń syujetlerinde ań-quslar, negizinen, túrleniw tiykarında payda boladı, yaǵniy bunda qanday bir haywanat burın adam bolǵan, álleqanday sebepke (kóbinde etikalıq) baylanıslı ol ǵarǵıs-jazaǵa ushırap, kelbeti ózgergen delinedi. Bunda ózgeriwshen kúsh penen ózgeriwshiniń arasında keskinlik júzege keledide, adamgershilik aldıńǵı orınǵa shıǵadı. Túrk tilles xalıqlardıń kópshiliginde toqıldawıq, átshók hám t.b. haywan, quslar burın adam bolǵan, keyin kelbeti ózgergen degen túsinikler bar. Bul úlgilerde miflik waqıtqa álleqashan noqat qoyılǵanlıǵı ayqın bilinip tur, óytkeni, usı tekstlerde dúnya jaratılıp álleqashan pitken, tábiyat penen jámiyette tártip ornaǵan, biraq, sonday waqıttta állekimniń bir sebepke baylanıslı sırtqı kórinisi ózgergeni tuwralı súwretlenedi. Usınıń sebebinen kóp jaǵdayda ań-qus, geyde ósimliktiń túri payda boladı. Mısal ushın, túnde at izlep sharshap átshókke aynalǵan qız tuwralı ápsananıń qazaqta, túrlerde [Metin Ergun., 1997. – 500-507 b], qaraqalpaqta [Qaraqalpaq folklorı, 2014. – 30 b] nusqaları bar. Qırǵız benen tatarda balaları suw ákelmegenge irenjigen hayal, al altayda kelin suwsın bermegenge ókpelegen qız átshókke aynaladı.

Qaraqalpaq ápsanalarında xaywanatalardıń qalay payda bolǵanı, adamnıń haywanǵa, qusqa, jánlikke aynalıwı haqqında motivler eń áyyemgi dáwir adamlarınıń totemistlik túsiniklerinen kelip shıqqan. Mısalı, maymıldı, qara shoshqanı, tasbaqanı, bayulını, átshók qusın, xan qızı, altın kóz shıbının hám t.b. adamnan awǵan dep aytıladı.

Ayırım ápsanalarda qustıń yamasa basqa jánliklerdiń tek qalay kelip shıqqanın sóz etedi. Mısalı, qızdıń «Atshok» qusqa aynalıwı haqqındaǵı mifte bir qız uzatılayın dep tayarlanıp atırǵan eken. Onıń tek etigi pitpey, qız etik tigip atırǵan jezdesin asıqtırıp kelip, onıń qasında otıradı. Qızdıń bir etigi pitedi, ekinshi etigi pitpeydi. Qız pitken etigin ayaǵına kiyip aladı. Kún batayın dep turǵan mezgil eken. Jezdesi dalaǵa shıǵıp meniń atıma qarap jiber deydi. Qız jiydeniń basın minip atqa qaraydı. At kórinbeydi. Qız «at joq» dep baqıradı. Sol waqıtta ol bir ayaǵı qızıl qusqa aynalıp «at joq, at joq» dep ushıp ketedi [Qaraqalpaq xalıq ápsanaları, 2000. – 8-9 b]. Qaraqalpaq ápsanalarınıń qazaq folklortanıwındaǵı «átshók» ápsanasınıń kelip shıǵıw tuwısqan eki xalıqta eki qıylı ekenligin kóriwimizge boladı.

«Tasbaqa» [Qaraqalpaq xalıq ápsanaları, 2000. – 8-9 b] ápsanasında burıńǵı zamanda táreziden adamlardıń haqısın jeytuǵın kisi ótken eken delinedi. Bir kúni onnan dán alıwǵa bir payǵambar kelipti. Táreziden aldap jep turǵan kisi payǵambardı da aldaydı. Sonda payǵambar onı «mına tárezilerińniń eki tabaǵınıń astında qalǵaysań» dep ǵarǵaptı. Jańaǵı kisi tárezeniń eki tabaǵınıń ortasında tasbaqa bolıp kózi jıltırap qalıptı. Bul ápsanada tasbaqaǵa adamnıń aynalıw sebebi adamnıń basqalarǵa islegen ońbaǵan isleri ushın alǵan jazası sıpatında aytıladı.

«Adamnıń qara shoshqaǵa aynalıwı» [Qaraqalpaq xalıq ápsanaları, 2000. – 8-9 b] ápsanasında da adam ońbaǵan minezi ushın shoshqaǵa aynalıwı sóz boladı. Bunda teńizden kóp balıq awlap kiyatırǵan balıqshınıń aldınan jarlı kisi bolıp payǵambar shıǵadı. Ol sıralǵıǵa balıq soraydı (sıralǵı – balıq awlap kiyatırǵan balıqshılardıń basqalarǵa bergen balıqları). Balıqshı arqalap kiyatırǵan balıǵın jasırıp, «búgin teńizde dawıl bolıp hesh balıq awlay almadım» deydi. Sonda ana kisi onıń arqalap kiyatırǵan balıǵıńdı taslamay barqulla arqalap, teńizdiń sasıq shalańların tintip ómir súrgeyseń» deydi. Balıqshı aytqanınday shoshqaǵa aynalıp, arqasındaǵı balıǵı onıń gújireygen jelkesi boladı, ózi sasıq sholańlardı tintip qurqıldap ketedi. Bunda adam balasına keń peyil, saqıylıqtıń kerekligi, qızǵanshaqlıq adamnıń kelbetin buzatuǵını aytılǵan.

Bul syujetlerde adamnıń qusqa yamasa basqa haywanlarǵa aynalıwı sharshawdan, irenjiwden bolǵanlıǵı biliwdiń dáslepki basqıshlarınan esaplanadı. Al, keyingi basqıshlarda adamlar ózleriniń gúnaları sebepli ǵarǵısqa ushırap qusqa aynaladı. Qazaq folklorında Muwsa payǵambardıń suwıq qol qulı, buryat penen mońǵolda awqat soraǵan gedeyge aǵashtıń jańqasın usınıp qorlaǵan sıqmar bay toqıldawıqqa aynaladı. Syujetlerde toqıldawıqqa aynalǵan adamlar – gúnası bar adam sıpatında boladı, demek ol mifologiyalıq sananıń eń dáslepki basqıshı.

Etiologiyalıq ápsanalardıń ózgeriwsheńlik qubılwshılıq belgileri bir uqsaslıqqa da tiykarlanadı. Mısal ushın, toqıldawıq basqa azıq penen azıqlanbay, udayı aǵash shoqıydı, sonlıqtan ol sıqmarǵa teńlestirilgen. Bunday ápsanalar kóbinese qarǵıs sheshiwshi rolge iye, sonnan keyin «uqsaslıq uqsaslıq tuwdıradı» degen magiyalıq túsinik te belgili xızmet atqaradı. Aytayıq, bay ash bolǵan gedeyge aǵashtıń jońqasın usınadı, ǵarǵıs uradı da, kerisinshe, ózi aǵash jeytuǵın qusqa aynaladı. Qazaqtaǵı Qarınbay tuwralı syujettiń nusqaları mońǵol, buryat xalıqlarında gezlesedi. Onda zıqna Dónónbaydı Quday jazalap haywanǵa aynaldıradı [Cerensodnom D., 1989. – 240 b]. Qazaq xalqında Qudaydıń qáhárina ushıraǵan Qarınbaydı jer jutadı, malı haywanǵa aynaladı. Sonıń menen, qońır haywanlardıń (qulan, túye, kiyik, maral, arqar, taw eshkisi hám t.b.) payda bolıw sebebi qazaq ápsanalarında baydıń malınıń haywanǵa aynalıwınan dep túsindiriledi. Túrk-mońǵolda ańshı-mergenniń de haywanǵa aynalıp ketiw ápsanası bar. Qazaqta Jayıq, Donduǵul, Duay soqır degen mergenlerge qáhárlengen Quday olardıń birewin marmotqa, birewin qundızǵa aynaldıradı. Bul mısallardan tábiyat penen adamnıń arasındaǵı teńlikti buzıwshı ańshı-mergenler ápsana janrında jazaǵa ushıraytuǵını bayqaladı. Itibarlı tárepi sonda – mońǵol, altay, tuva xalıqlarında ushıraytuǵın belgili mergen dúnyanıń kóplegen xalıqlarında gezlesetuǵın artıq kúndi atıp, álemdi tártipke salıwshı qaharman bolıp esaplanadı.

Qazaq folklorında óz erki menen haywanǵa aynalıw joq, sebebi, onday is Allanıń buyrıǵı menen boladı. Ósimliklerdiń jaratılıwı tuwralı ápsanalar túrk-

mońǵolda ortaq kóriniste. Qazaq-mońǵol óz úlkelerinde ósetuǵın qaraǵay, arsha, shırsha, tobılǵı hám t.b. aǵashlarınıń tirshiligin túsindiriw ushın qonısqa talasqan kóshpeli jawıngershilik ómirin, salt-dástúrin solarǵa teńlestirgen. Mısal ushın, seksewil – mergen, qaraǵay – nayzager, onıń nayzası tiygenlikten seksewil ústi-bası alba-dulba bolıp, qumǵa qashǵan arshıl qız oq penen qaraǵayǵa juwırıp, tawǵa shıqqan hám júzi qızarıp ketken, qara qayıńǵa qaramaǵan soń ata-anası (qaraǵay hám seksewil) ashıwı kelgenligi haqqında ápsanalar bar. Qazaq hám altaylıqlarda arsha, shırsha, qaraǵaydıń jasıl bolıw sebebin túsindiretuǵın birdey ápsanalar bar. Onda usı aǵashlarǵa Allanıń máńgi suwın ǵarǵa bilmesten tógip alǵanlıǵı kórinis tabadı [Qazaq ańız-ertegileri, 2002. – 22-23 b]. Paleoaziyalıqlarda demiurg ǵarǵa adamzattıń iygiligi ushın úzliksiz jaratıwdı ámelge asıradı [Meletinskiy E.M., 1979. – 228 b]. Bul okean jaǵalawındaǵı ǵarǵa adam ishiwge jaraytuǵın dushshı suwdı izlep tabıwshı bolsa, suwǵa bay dalalıq túrk-mońǵol xalıqlarında ol máńgi suwdı Táńirden jetkiziwshi qaharman bolıp esaplanadı. Túrk-mońǵol mifologiyasınıń ıdırańqı qálpine say bizde ǵarǵanıń dóretiwshilik xızmeti sheklengen ári dánekershilik dárejede. Dúnyadaǵı diyxan xalıqlarda tikkeley ósimlikke aynalıp ketetuǵın belgiler gezlesedi. Qazaq xalqında siyrek bolǵanı menen, onday belgiler bar. Mońǵolda urısqa ketken kúyewin kútip jas jubaydıń tógilgen jası gúlge (Kelingúl) aynaladı, qazaqta bir topar oyınshı qız xannıń ńázeri urıp qayıńǵa aynaladı. Demek, qazaq folklorında ósimlikke aynalǵan personajlar kóshpeli xalıqtıń ómirin kórsetip, elde qúdiretli xan húkimdardıq etken yaki awır urıs aqıbetlerin elesletedi.

Juwmaqlap aytqanda, házirgi dáwir haywanlarınıń ápiwayı turmıs haqıyqatı hám nátiyjesi sıpatında usınılıp, etiologiyalıq syujet muqaddes dáwirde tártipke salınǵan kosmostıń ideal kórinisin tastıyıqlawshı gúwá, quralǵa aylanadı. Aqırında bulardıń hámmesi áyyemgi insan sanasında janlanǵan ádep-ikramlılıq mákannıń payda bolıwı haqqındaǵı bir jup sistemalı túsinik.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Айымбетов Қ. Қарақалпақ халық нақыл-мақалларының қысқаша түсиндирме сөзлиги хәм жүйели сөзлер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2007.

2. Қазақ аңыз-ертегілері. – Бейжін: Ұлттар баспасы, 2002.

3. Қарақалпақ фольклоры. 77-том. «Миф ҳәм мифлескен әпсаналар». – Нөкис: Илим, 2014.

4. Қарақалпақ халық әпсаналары // Дүзиўши: Т.Қанаатов. – Нөкис, 2000.

5. Мелетинский Е.М. Палеоазиатский мифологический эпос. Цикл ворона. – М.: Наука, 1979.

6. Мелетинский Е.М. Поэтика мифа. – М.:«Наука, 1976.

7. Цэрэнсодном Д. Монгол ардын домог үлгэр. – Улаанбаатар, 1989.

8. Metin Ergun. Turk dunyasi efsanelerinde degisme motifi. II Cilt. – Ankara, 1997.